

Demen se dènye jou pou aplike pou lekòl segondè!

Chè fanmi,

Demen, **1^{ve} desanm lan se dènye jou pou aplike pou lekòl segondè.** Voye aplikasyon w lan nan youn nan twa fason sa yo:

- **Sou entènèt avèk MySchools** pou pi ta demen a 11:59 pm. Ou ka aplike sou entènèt nan lang Arab, Bangla, Chinwa, Angle, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, oswa Oudou.
- **Atravè konseye lekòl pitit ou a ye kounye a.**
- **Nan yon Sant Byenveni pou Fanmi** (schools.nyc.gov/FWC)—w ap jwen orè yo ak adrès yo nan link sa a.

Sonje, aplike nan 12 pwogram epi site yo nan aplikasyon ou an nan lòd ou pito a, avèk premye chwa w la kòm #1.

Epitou sonje pou voye nenpòt sa ki obligatwa pou [odisyon](#) oswa pwogram ki evalye dosye akademik ([screened](#)) nan delè **1 desanm lan.**

Ou gen kesyon?

- Pou jwenn plis enfòmasyon gade video machasuiv MySchools nan schools.nyc.gov/HS
- Èske w bezwen sipò avèk MySchools oswa avèk aplikasyon w lan, oswa lòt kesyon sou admisyon? Pale avèk konseye lekòl pitit ou a ye kounye a oswa estaf nan yon [Sant byenveni pou fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC) oswa voye imèl ba nou nan HSEnrollment@schools.nyc.gov.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv



Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w vle retire non w sou lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).